



FPL®

Chak jou ki gen solèy chita sou bonjan plan pou tanpèt



Gid granmoun yo pou sezon siklòn

Gid sa a bay:

- » Kote pou w ale pou rete an vi
- » Lis ak nimewo kontak ki enpòtan
- » Plan pou ti bèt lakay ou yo rete an sekirite
- » Lis ak bagay ou bezwen prepare oswa jwenn
- » Enfòmasyon souabri pou moun ki gen bezwen espesyal
- » Konsèy pou rete an sekirite apre yon tanpèt
- » Enstriksyon sou fason pou pran swen yon moun ki gen bezwen espesyal
- » Plan FPL la pou retabli kouran an

Sezon siklòn yo kòmanse 1ye jen rive 30 novanm

Ki plan w genyen pou jwenn yon abri si yon siklòn toupre rive?

Nan tout sitiyasyon, se prepare depi bonè k ap ede w rete an vi ak rete alèz pandan yon siklòn. Si w bezwen èd nan nenpòt moman, pa ezite kontakte ajans sèvis sosyal lokal ou a osito sa posib, paske anplwaye ajans yo ap prepare pou siklòn nan e yo pap kapab ede w nan dènye moman an. Ou gen kat plan diferan ou ka chwazi pou rete an vi. Kèlkeswa sa w chwazi a, pa bliye ranpli lis preparasyon pou tanpèt ki mache ak dokiman sa a.

Plan A: Rete lakay ou

Si w pa rete nan yon zòn evakyasyon oswa nan yon kay mobil, ou ka rete lakay ou depi w pran prekosyon sa yo:

- » Rasanble bagay ou bezwen yo bonè, tankou flach, medikaman, manje ak dlo pou bwè.
- » Prepare yon “chanm sekirite” ki pa gen fenèt anndan kay la. Prepare lòt bagay ou ka bezwen.
- » Asire w kay la sekirize epi tout fenèt ak pòt yo gen vole pwoteksyon kont siklòn. Mande vwazen w yo ede w fè preparasyon si sa nesesè.
- » Asire w yon vwazen w, yon zanmi w oswa yon fanmi w konnen kote w ye.

Plan B: Al rete ak zanmi ki nan zòn nan

Si w planifye rete ak fanmi oswa ak zanmi pandan yon siklòn:

- » Rele yo alavans. Asire w y ap tann ou.
- » Prepare yon lòt plan pou sizoka yo pa ta la nan moman siklòn nan.
- » Pote rad, medikaman ak dokiman enpòtan avè w.
- » Si w gen yon moun ki gen demans ansanm avè w lè w pral lakay yo, mande yo prepare yon chanm pou nou toule de sèlman. Pa bliye pran menm prekosyon pou sekirite ou konn pran lakay ou (pa egzansp, kache bagay ki file yo, pwazon yo, bare kote pou soti yo, kouvri glas yo).
- » Fè yon vwazen w, yon zanmi w oswa yon fanmi w konnen ki plan evakyasyon ou genyen.

Plan C: Ale nan yon lòt zòn

Si w ap deplase poutèt ou rete nan yon zòn evakyasyon oswa nan yon kay mobil:

- » Soti bonè epi fè lòt moun konnen ki kote ou gen entansyon ale.
- » Plen rezèwva gazolin machin ou epi kenbe yon kat zòn nan ki fasil pou w li.
- » Chèche konnen kote w prale. Si w prale nan otèl, asire w ou gen rezèvasyon paske otèl yo ap vin plen moun rapid rapid, menm nan yon distans 100 mil.
- » Sonje pou w pran dokiman enpòtan w, medikaman w ak plis rad avè w.
- » Si se nan yon apatman ou rete, pa bliye fèmen wobinèt kote dlo a ap antre nan apatman an anvan w soti.

Plan D: Ale nan yon abri

Lè w prale nan yon abri, prepare pou rete la pandan anpil tan grasa prekosyon sa yo:

- » Pran dispozisyon pou pwoteje ti bèt lakay ou yo anvan sezon siklòn nan kòmanse. Abri Lakwa wouj yo pa kite ti bèt yo antre. Mande veterinè w la si gen abri kote yo aksepte ti bèt yo nan zòn nan.
- » Prepare bagay ou kapab pran avè w, tankou dokiman enpòtan yo, manje, dlo, medikaman, plis rad, bagay pou lave kò w, etc. Li ka bon tou si w pote yon sak kouchaj oswa yon matla ou ka gonfle pou w dòmi. Tanpri verifye sa ak moun ki responsab abri yo.
- » Asire w abri a disponib.
- » Pran telefòn selilè w ak chajè w avè w.
- » Fè yon vwazen w, yon zanmi w oswa yon fanmi w konnen ki plan evakyasyon ou genyen.



Ki sa pou m fè ak ti bèt lakay mwen?

Si w kapab rete lakay ou san danje pandan tanpèt la, sonje pou w pale ak ti bèt ou ak yon vwa ki trankil pou rasire l.

Pa janm kite ti bèt ou deyò pandan tanpèt la. Si moun yo bezwen evakye, se menm bagay la pou bèt yo. Eseye jwenn yon kote ki ka resevwa bèt pandan evakyasyon an, tankou kay yon zanmi oswa yon fanmi, yon otèl oswa yon klinik veterinè (ou ka bezwen pran dispozisyon sa yo alavans).

Gade si w ka jwenn yon bwat pou transpòte bèt ou. Si w pa ka pèmèt ou achte youn, kontakte yon òganizasyon kote yo resevwa bèt yo oswa ale nan yon magazen kote yo vann bagay dezyèm men pou jwenn youn ki bon mache oswa ki gratis. Ede ti bèt ou abitye ak bwat la anvan evakyasyon an.

Prepare yon bwat ki gen tout bagay ti bèt ou ap bezwen pandan yon ijans, tankou:

- » Manje ak dlo pou ti bèt ou (ase pou omwen twa jou)
- » Yon bwat pou l pipi ak pou pou.
- » Medikaman (medikaman pou vè, konprime pou mal machin, sedatif, etc.)
- » Bòl pou l bwè, sèvyèt an papyè, jounal, jwèt ak bagay pou netwaye l
- » Chenn ak kolye ki gen idantifikasyon lisans ki ajou a, etikèt laraj la ki tache sou li, ak yon likou, si sa nesèsè

Nan ka evakyasyon, ti bèt ou ta dwe mache ak dokiman enpòtan l yo, Kenbe yo nan yon sache plastik ki tache sou bwat pou transpòte bèt la. Men kèk nan dokiman enpòtan sa yo:

- » Kopi dosye vaksinasyon ak piki
- » Papyè pwopriyete
- » Foto chak bèt ki ajou (fok ou sou foto a tou)
- » Lis kontak ki gen nimewo telefòn zanmi ak fanmi ki pa nan zòn evakyasyon an

Aprè tanpèt la, mare bèt ou ak yon chenn epi al fè yon ti mache avè l. Pa janm kite l mache poukont li, paske li gendwa touche yon liy kouran ki tonbe oswa rankontre yon lòt danje. Pa janm kite bèt ou pran manje oswa dlo ki gendwa kontamine.

Ki jan m ka jwenn plis enfòmasyon sou yonabri pou moun ki gen bezwen espesyal?

Yonabri pou moun ki gen bezwen espesyal gendwa bay sitwayen ki gen kèk kalite pwoblèm medikal èd pandan yon gwo sityasyon ijans. Pou patisipe, ou sipoze enskri alavans epi ranpli yon seri kondisyon. Se pou w konnen ou ka bezwen ranpli fòmilè a anvanm ak doktè w oswa pwofesyonèl swen sante w. Si w pa kalifye, mande doktè w ede w jwenn yon lòt kaliteabri. Kontakte biwo jesyon ijans konte w la oswa rele liy asistans pou granmoun yo nan **1-800-963-5337** pou konnen ki jan w ka jwenn plis enfòmasyon souabri pou moun ki gen bezwen espesyal nan kominote w la. Etandone pa gen plas pou tout moun, lèfini yo bay moun ki gen plis bezwen priorite, se pou w enskri san pèdi tan. Ka gen sèvis transpò pou ede moun nan kominote w la, men an jeneral, se chak moun ki responsab pran dispozisyon pou l rive nanabri a.

Ou bezwen pran tout medikaman ak ekipman medikal ou bezwen yo (sa gen ladan l tou bagay pou moun ki pa kontwole pipi yo oswa pou pou yo) epi w ap bezwen mande yon moun akonpaye w pou pran swen w, paske moun ki volontè pou fè pati pèsoneèl medikal la gendwa pa abitye ak pwoblèm sante w la oswa ak tretman ou bezwen an. Asire w ou poze kesyon sou kondisyon moun dwe ranpli pou antre nanabri a ak sou bagay ou bezwen pote yo, epi mande si moun k ap akonpaye w pou pran swen w lan bezwen enskri alavans tou. Se sèlman pou pran swen w pandan yon gwo sityasyon ijans y ap sèvi ak enfòmasyon ou bay ofisyèl yo, tankou enfòmasyon ou bay moun ki responsab biwo jesyon ijans lan. Enfòmasyon ou bay yo konfidansyèl epi yo benefisye pwoteksyon lwa Florid yo.

Ou ka jwenn nimewo telefòn biwo jesyon ijans konte w la nan PAJ BLE anyè telefòn nan, kote ki ekri Government Offices oswa Public Safety Department. Epitou, ou ka rele nimewo asistans telefòn nan oswa ale sou sit Entènèt **[FloridaDisaster.org/shelters](https://www.floridadisaster.org/shelters)**.



Fason pou w pran swen yon pwòch ou ki gen bezwen espesyal

- » Mande èd nan men ajans lokal yo, gwoup sipò yo, fanmi w ak vwazen w yo.
- » Pran swen tèt ou pandan w ap pran swen yon pwòch ou. Asire w nou toule de jwenn manje ak repo nou bezwen an.
- » Anvan tanpèt la kòmanse, mande doktè w plis medikaman nan sa w konn pran yo pou yo pa fini pandan tanpèt la, epi mande l tou medikaman pou gen mwens kè sote e pou dòmi pi fasil.
- » Siveye pwòch ou pou konnen si l pa gen kè sote oswa si l pa ajite. Se pou w konprann pwòch ou gendwa pa fin konprann ki sa k ap pase. Ret trankil epi kontinye rasire l. Pa sezi si w wè nou toule de gen plis strès.
- » Si pwòch ou gen bezwen medikal espesyal, enskri alavans nanabri pou moun ki gen bezwen espesyal ki nan zòn kote w rete a.
- » Asire w ou gen yon foto pwòch ou ki ajou.

Si pwòch ou gen demans, asire w nou toule de gen yon braslèt Safe Return + MedicAlert oswa yon lòt kalite braslèt idantifikasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte liy asistans gratis Alzheimer's Association nan, ki disponib 24 è sou 24, 7 jou sou 7, nan **1-800-272-3900** oswa rele nimewo Safe Return yo a nan **1-888-572-8566**. Anvan w resevwa braslèt sa a, ou gendwa fè pwòp braslèt pa w epi ekri non w, telefòn ou ak adrès ou sou li.

Si w deside rete lakay ou:

- » Se pou w konnen anviwònman kay la ka vin bay pwoblèm. Mande moun ede w prepare pou tanpèt la epi mande yo rete avè w.
- » Prepare aktivite pou moun ou renmen an ka okipe e pou l gen yon bagay pou distrè l (albòm foto, mizik ak kas pou koute l, oswa aktivite chante).
- » Mete bonjan limyè nan chanm yo, paske fènwa ak lonbray bay plis twoubly. Li pi bon si w gen flach ki sanble ak lantèn olye w sèvi ak flach ki voye gwo reyon limyè, paske yo kreye plis zòn lonbray.
- » Fèmen rido yo ak pòt pou antre nan chanm ki gen fenèt yo pou gen mwens bri nan kay la, paske van an, lapli a ak debri k ap vole deyò yo ka fè moun pè e yo ka bay plis twoubly toujou.

Si w deside ale nan yonabri:

- » Pran tout sa w bezwen yo avè w, tankou zorye, kouvèti, sak kouchaj/matla ou ka gonfle, manje espesyal ou bezwen, bagay pou lave kò w, plis rad pou w mete, medikaman sou preskripsyon, ak flach ki mache ak pil. Ou ka pi alèz si w pran yon bagay ou renmen anpil avè w (zorye oswa kouvèti ou pi renmen an). Pran ti manje ou renmen pou sa ka distrè w.
- » Suiv prekosyon sekirite, tankou bare pòt pou soti nan bilding nan oswa kache bagay ki file yo.
- » Se pou w konnen moun ou renmen an ka ajite pi fasil lefètke li pa abitye ak anviwònman an, sitou si gen moun li konsidere kòm "etranje" ki pale avè l. Chwazi yon kwen ki trankil.
- » Pran bagay li bezwen yo si l pa kontwole pipi li oswa pou pou li, epi prepare twal pou netwaye l tou, si sa nesèsè.

Plan m nan pou sezon siklòn

Ki sa m bezwen fè pou sekirize kay mwen? Kiyès ki pral ede m fè sa?

Ki kote mwen pral rete pandan siklòn nan?

Lakay la Ak zanmi/fanmi/vwazen Nan otèl Nan abri Adrès

Ki kote bèt mwen yo pral rete?

Si se lakay la mwen pral rete, ki sa m bezwen fè pou m prepare?

- » Sekirize kay la
- » Prepare bagay k ap nesesè yo
- » Prepare yon chanm kote m ap an sekirite
- » Fè fanmi an, zanmi yo ak vwazen yo konnen m ap rete lakay mwen

Planifye fason mwen pral jere sitiyou mwen gendwa rankontre yo apre tanpèt la

- » Debri gendwa bloke pòt yo. Reflechi sou fason w te ka sòti an sekirite.
- » Ou ka bezwen ouvri pòt garaj la ak men w. Èske w ap bezwen èd?

Lòt bagay pou m fè si m ap rete:

Si m PAP rete lakay la, ki sa m bezwen prepare?

- » Sekirize kay la (etenn aparèy elektrik yo oswa koupe fizib prensipal la)
- » Konfime dispozisyon ou pran pou al rete yon lòt kote (gade paj sou abri pou moun ki gen bezwen espesyal)
- » Prepare bagay k ap nesesè yo
- » Pran dispozisyon pou jwenn transpò pou ale kote m prale a
- » Fè fanmi an, zanmi yo ak vwazen yo konnen ki kote m ap rete

Lòt bagay pou m fè si m pap rete:

Pou fè zanmi w ak fanmi w konnen ou anfòm, Lakwa wouj ameriken an mete sou pye sit Entènèt safeandwell.org. Yo konn rele l tou sit "safe and well". Ou ka enskri sou sit la epi mete enfòmasyon sou jan w ye anvan, pandan ak apre yon tanpèt. Konsa, zanmi w ak fanmi w ka konekte sou sit la, chèche w epi konnen ki jan ou ye ak kote ou ye.

Nimewo kontak ki enpòtan

KONTAK	NON	NIMEWO TELEFÒN/KONT
Fanmi/Zanmi		
Fanmi/Zanmi		
Moun/Konpayi k ap bay sèvis		
Moun/Konpayi k ap bay sèvis		
Konpayi elektrisite		
Konpayi asirans vi		
Konpayi asirans machin		
Konpayi asirans kay		
Doktè		
Doktè		
Doktè		
Famasi		
Medicaid/Medicare		
Bank		
Bank		
Lòt		
Lòt		
Liy asistans pou granmoun yo		1-800-963-5337
Enskripsyon ak transpò pou evakyasyon		
Lakwa wouj ameriken		
Biwo jesyon ijans konte		

Medikaman (fè yon lis tout medikaman ou bezwen yo ak dòz yo preskri w yo)

NON	DÒZ

Nòt: Ou ka bezwen gade PAJ BLE anyè telefòn nan pou jwenn nimewo yo. Epitou, ale sou sit **FPL.com** si w bezwen bay Florida Power & Light Company dènye nimewo telefòn ou oswa dènye adrès imèl ou.

Lis bagay ki pou fèt pou prepare pou yon tanpèt

Pandan yon peryòd **ALÈT** siklòn:

(siklòn nan gendwa frape zòn pa w sou 24 a 36 èdtan)

- Prete atansyon ak enstriksyon reprezantan leta yo ak medya yo bay
- Tcheke twous premye swen w lan
- Ranmase dokiman ki enpòtan yo
- Verifye manje, dlo ak lòt bagay ou bezwen yo
- Al chèche lajan kach oswa chèk vwayaj
- Renouvle medikaman ak preskripsyon w yo
- Plen rezèvwa machin nan ak gazolin
- Plen boutèy pwopàn ou yo si w gen entansyon sèvi ak yon recho babikyou apre tanpèt la
- Asire w ou gen yon radyo, flach ak pil
- Ranmase tout bagay ki atè a nan lakou a, tankou mèb yo, epi sere yo anndan kay la. Leplisouvan, kamyon yo pa pase pou ranmase fatra a anvan yon siklòn.

Pandan yon peryòd **AVÈTISMAN** siklòn:

(siklòn nan gen anpil chans frape zòn pa w sou 24 èdtan)

- Prete atansyon ak enstriksyon reprezantan leta yo ak medya yo bay
- Tache epi pwoteje tout pòt yo ak vole pwoteksyon yo
- Desann pèsyèn yo epi fèmen rido yo
- Dezenfekte basen a epi plen l ak dlo
- Sekirize vole pwoteksyon kont siklòn yo ak twal ki bay lonbray devan pòt ak fenèt yo
- Plen plizyè kontenè ki pwòp ak dlo pou bwè epi mete yo nan frizè a
- Kouvri bagay ki gen valè ak mèb yo avèk plastik, epi ekate yo lwen fenèt yo
- PA** vide pisin nan, men **KOUPE** kouran an nan ekipman pisin yo
- Mete bagay sa yo nan yon gwo sache oswa nan yon kontenè an plastik ki pap kite dlo antre:
 - Medikaman
 - Twous premye swen
 - Detèjan ak savon
 - Sache fatra
 - Papye asirans ak lòt dokiman enpòtan
 - Kouvèti ak zorye
 - Bagay pou lave kò w ansanm ak bòdwo FPL la
 - Rad
 - Gwo sèvyèt ak twal pou lave kò w
 - Losyon pou solèy, pwodui kont ensèk ak sèvyèt an papye



Lis bagay ou bezwen jwenn pou prepare pou yon tanpèt

Founiti medikal

- Asire w ou prepare ase medikaman pou **yo ka dire yon mwa**. Kontakte doktè w ak famasi w bonè. Mande yo ki jan w ka sere medikaman ki bezwen ret frèt yo kòm sadwa si ta gen blakawout.
- Prepare linèt sou preskripsyon, linèt solèy ak pil pou aparèy pou ede w tande anplis.

Manje, dlo ak lòt bagay menm jan

(prepare ase pou yo ka dire omwen yon semèn):

- Manje ki pap gate, tankou vyann, fwi ak legim nan kenn; bwason nan kenn oswa nan boutèy; ak manje sèk, tankou biskuit.
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kenn yo.
- Dlo pou bwè. Omwen yon galon pa jou pou chak moun.
- Recho ki pa elektrik ak gaz pou recho a
- Plizyè iglou ak glas. Chèche prepare kèk "blòk" glas alavans.
- Itansil ou ka jete pou manje.
- Manje ak lòt bagay ti bèt ou ap bezwen, ak bwat pou transpòte l
- Sache fatra, ni gwo, ni piti
- Sèvyèt an papye, mouchwa ak gan an kawoutchou

Pwodui pèsònèl

- Bagay pou kenbe ijyèn ou (papye twalèt, kouchèt pou adilt, etc.)
- Bagay pou kenbe kò w pwòp (bwòsadan, pat dantifris, dezodoran, savon, etc.)

Bagay pou premye swen/Ekipman pwoteksyon

- Twous premye swen
- Ekstenktè dife
- Pwodui kont ensèk ak losyon pou solèy
- Dezenfektan
- Rad k ap pwoteje w ak chapo
- Rad anplis, tankou chosèt ki sèk ak soulye ki konfòtab

Lòt bagay ak dokiman ou ka bezwen

- Flach ak pil anplis
- Radyo ki mache ak pil
- Alimèt nan yon kontenè ki pap kite dlo antre
- Prelu oswa kouvèti an plastik
- Zorye ak kouvèti pou dòmi
- Sak kouchaj/Matla ou ka gonfle
- Telefòn san fil (sa ki gen fil yo pap travay si gen yon blakawout)
- Chajè anplis pou telefòn selilè w
- Lajan kach/Chèk vwayaj pou sizoka bank yo ta fèmen e ATM yo pa ta travay
- Sere papye ki enpòtan yo (papye asirans, bòdwo FPL, lis medikaman yo, kat Medicare/Medicaid, batistè, etc.) nan yon kontenè ou ka pòte e ki pap kite dlo antre epi mete yo yon kote ki gen sekirite
- Yon lis telefòn fanmi w ak zanmi w ki ajou





Aprè siklòn nan pase

- » Rete lwen zòn ki plen dlo e ki chaje ak debri paske yo ka gen liy kouran ki tonbe ou pa ka wè e ki ka lakòz yon chòk elektrik.
- » Pa manyen pyebwa oswa lòt bagay ki an kontak ak yon liy kouran oswa ki toupre yon liy kouran.
- » Fè atansyon ak wout, pon, branch pyebwa ak galri kay ki domaje yo, paske yo gendwa tonbe.
- » Itilize telefòn ou pou ijans sèlman:
 - **RELE** lapolis oswa konpayi kouran an tousuit si w bezwen fè yo konnen gen yon liy kouran ki tonbe, yon liy gaz oswa dlo ki kase, oswa yon kamyon k ap transpòte gazolin ki chavire.
 - **PA RELE** pou fè konnen ou pa gen sèvis kouran, gaz, dlo oswa telefòn. Chak konpayi gen pwòp plan pa l pou retabli sèvis li a.
- » Toujou kenbe pòt frijidè a fèmen pou konsève bagay ki anndan yo. Egzamine manje yo pou verifye si yo pa gate lè kouran an retounen. Si w pa fin konnen, pito jete yo!
- » Fè atansyon lè w sèvi ak aparèy pou fè manje nan ka ijans. L ap difisil pou etenn yon dife si liy dlo yo domaje.
- » Pa sèvi ak balenn; pito itilize yon flach oswa yon lantèn ki mache ak pil.

Si w gen pou w sèvi ak yon dèlko pòtab, li epi suiv tout enstriksyon yo, epi itilize l deyò, lwen nenpòt fenèt ki ouvè. Ale sou sit **FPL.com/storm** pou resevwa plis konsèy anrapò avèk dèlko ak fason pou jere sityasyon an apre yon tanpèt.

Ki jan FPL retabli kouran an

FPL gen yon plan konplè pou aji an sekirite osito sa posib apre yon siklòn. Pou nou retabli kouran an, nou pa pran desizyon selon moun ki fè nou konnen gen blakawout, nou pa konsidere kote kliyan yo rete ni nou pa gade si kliyan an peye oswa si li anreta nan peman l yo. Nou pito suiv yon plan kote nou kòmanse repare tout domaj ki fèt nan santral elektrik nou yo ak nan liy ki transpòte kouran an soti nan santral nou yo rive nan pòs elektrik lokal yo.

Aprè sa, nan travay retabli kouran an, se enstalasyon ki enpòtan anpil yo, tankou lopital, stasyon polis ak stasyon ponpye, enstalasyon kominikasyon, izin tretman dlo ak enstalasyon transpò, nou bay priorite.

Mete sou sa, nou travay pou retabli sèvis kouran an pou plis kliyan posib rapid rapid. Sa gen ladan l kote ki pi enpòtan yo, tankou makèt, famasi, stasyon gazolin ak lòt konpayi ki la pou bay sèvis ki nesèsè nan kominote yo.

Annapre, nou repare enfrastrikti ki la pou ti gwoup ak katye rezidansyèl yo. Nou kòmanse nan zòn kote gen plis domaj jiskaske chak kliyan vin jwenn sèvis kouran ankò. Pou suiv pwogrè nou yo apre tanpèt la, ou ka koute sa medya lokal yo di oswa ou ka monte sou sit **FPL.com/powertracker** grasa telefòn ou oswa tablèt ou.

Men òganizasyon ki bay sipò yo pou preparasyon bwochi sa a:

- » Alliance for Aging, Inc., pou konte Miami-Dade ak Monroe
allianceforaging.org
- » Alzheimer's Association, Southeast Florida Chapter
alz.org/seflorida
- » Alzheimer's Community Care, Inc.
alzcare.org
- » American Red Cross, South Florida Region
RedCross.org/SouthFlorida
- » Area Agency on Aging of Palm Beach/Treasure Coast, Inc.
YourADRC.org
- » Palm Beach County Division of Emergency Management
pbcgov.com/pubsafety/EOC
- » Palm Beach County Division of Senior Services
co.palm-beach.fl.us/communityservices/programs/seniorservices



Gid sa a la pou ede w prepare w pou yon siklòn e pou ede w jere sitiyaşyon an annapre.
GID SA A PA SIPOZE GEN TOUT ENFÒMASYON OU BEZWEN YO,
Copyright © 2015 Florida Power & Light Company. Tout dwa rezève.